# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ШӘРЬЯР» ҲӘМ ТӘЛИМ - ТӘРБИЯНЫҢ ГЕЙПАРА МӘСЕЛЕЛЕРИ

**А.К.Пазылов** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
**Е.К.Алламбергенов** – *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ халқ достони «Шарьяр», этнопедагогика, таълим-тарбиявий фикрлар, одоб-ахлоқ тарбиясы, меҳнат тарбияси, экологик тарбия, илм-фан масалалари, дидактик масалалар.

**Ключевые слова:**каракалпакский народный дастан «Шарияр», этнопедагогика, учебно-воспитательные взгляды, морально-нравственное воспитание, трудовое воспитание, экологическое воспитание, научно-образовательные вопросы, дидактические вопросы.

**Key words:**Karakalpak folk dastan «Shariyar», ethopedagogics, ideas about education, moral up-bringing, labour education, ecological education, issues of science and education, didactic questions.

Қарақалпақ халқы әзелден жасларды кишкенелигинен баслап әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўды, оларға илим-билим берип, кәсип-өнерге үйретиўди өмирлик ең әҳмийетли машқалалардың бири деп есаплап келген. Сонлықтан да, балалардың неше жасқа шекем үйде тәрбия алыўы, неше жастан баслап өз алдына мектепте тәлим-тәрбия алыўы, мектеп басқышларының неше жыл даўам ететуғынлығы, мектепте балаға қандай пәнлерден сабақ өтилип, жасларға қандай кәсип үйретиў кереклиги ҳаққында мәселелер халықтың барлық ўақыт дыққат орайында турған.

Халқымызды толғандырған бундай уллы ислердиң барлығы халық аўызеки дөретпелери, соның ишинде қарақалпақ халық дәстанлары арқалы бизлерге жетип келди. Бул дәстанлардың қайсы бирин алып қарасаңыз да ондағы бас қаҳарманлардың жети жаста мектепке барып, онда он төрт жасқа шекем тәлим-тәрбия алғанлығының, мектепте оқыў ўақтында оларға ана тили, математика, музыка, дене тәрбиясы, география сыяқлы пәнлердиң өтилгенлигиниң, мектепте де, шаңарақта да, дүзде де әдеп-икрам тәрбиясы баслы орында турғанлығының гүўасы боламыз.

Қарақалпақ халық дәстаны «Шәрьяр» болса мазмуны бойынша усындай педагогикалық, методикалық көринислерге оғада бай, өз заманының педагогикалық қолланбасы сыпатында тән алынады. Дәстанның мазмунында перзент тәрбиясында сабақ боларлық көп ғана традициялық мотивлерди гезлестиремиз. Мысалы, перзентсизлик, күндеслердиң тартысы, мәстән кемпирдиң ҳәрекетлери, унамлы қаҳарманлардың қыйын-қыстаў ислерге жолығыўы ҳәм оны шешиўи, ең ақырында душпанды жеңиўи.

Қарақалпақ халық дәстаны «Шәрьяр»дың адамды өзине тартып қызықтыратуғын жери соннан ибарат, бунда сөз етилетуғын әдеп-икрам тәрбиясы тәлим ҳәм тәрбия мәселесинде жетекши орынлардың бирин ийелейди, онда адамның жоқары дәрежедеги әдеп-икрамлылыққа ерисиўи ушын тек ғана мектепте алған тәрбиялық тәсирлердиң, нәсиятлардың жеткиликсиз екенлигин, тәрбияның пүткил адам өмир бойы даўам ететуғынлығы турмыстың исенимли ҳәм көркем мысалларға ҳәр тәреплеме дәлиленип бериледи. Дәстанның мазмуны бойынша балалар жети жасына толады. Сасуар апарып мектепке береди. Әнжим менен Шәрьяр мектепте тәлим-тарбия ала баслайды. Мектепте жети жыл оқыйды.

Педагогикалық жақтан ойлап қарасаңыз, ҳеш бир адам туўылған ўақтынан баслап сөйлемейди, күлмейди. Ҳеш бир адам туўылғанда әдеплилик ямаса әдепсизлик, жақсы ямаса жаман нышанлары менен туўылмайды. Бирақ, баланы қоршаған дөгерегиндеги адамлар оған қарап сөйлейди, күледи. Оларға әдеп-ибрат алғандай, жақсы сөзлер жәрдеминде тәрбия береди. Нәтийжеде балалар есейе келе сөйлейтуғын, күлетуғын, гәпке түсинетуғын, жақсы менен жаманның, әдепли менен әдепсиздиң парқын айыра алатуғын болады.

Бул процесс мектепке барған ўақытлары да даўам етеди. Мектепте тәлим бериўши устазлары, қандай бала әдепли, жақсы болатуғынлығын, қандай бала әдепсиз, жаман болатуғынлығын зинҳарлап түсиндиреди. Әдепли балалардың ата-ананың, устазларының сөзлерине қулақ асатуғынлығын, адам әдеплилердиң әдеплиси болыўы ушын мектепте берилетуғын билимлерди терең өзлестириўи кереклигин, бәрқулла өз минезқулқы ҳәм оқыўы бойынша өз қатарынан алда болыўға умтылыў дәркарлығын балаларға ҳәр күни уқтырып барады. Мине, усы нәсиятларды өзлеринде терең өзлестирген «Әнжим Шәрьярдан бетер, Шәрьяр Әнжимнен бетер, еккиси оқып илимдар молла болды» [1:56]. Нәтийжеде тек ғана Шәрьярдың өзи оқыўын «Әлҳакумитаққасур апарып қақтырып» [1:56] қояды. Енеси баласының бундай дәрежеде ойынға емес, бийҳуда жүриске емес, ал оқыўға ықласлы болғанлығы себебли «көпирдиң ығынан ҳәм шунқыррақ» [1:56] болғанлығын сезеди.

Тәлим ҳәм тәрбия мазмуны, оның қурылысы, усыллары ҳәм методлары қызықлы болғанда ғана балаға тез тәсир жасайды. «Шәрьяр» дәстанында ҳәм тәлим, ҳәм тәрбия мәселесине байланыслы жүдә қызықлы, машқалалы сораў-жуўаплар дүркими орын алған. Мәселен, Шәрьяр Қундызхан перийдиң тәлим ҳәм тәрбия мәселесинде берген астарлы сораўларының мәнисин тез таўып береди. Шәрьярдың берген жуўапларына қарап биз көктен жерге доланған нәрсениң – булт, қолын жайып тиленгенниң – дәрўиш, қызыл қанға боялғанның – шейит, сүўрети бар, жаны жоқтың – қара жер, жүзиниң қаны жоқтың – ант ишкен адам, қанаты бар, пәри жоқтың – жәбирайыл, қары еримейтуғын – Гоҳиқап, бир жылда он еки ай, үш жүз алпыс күн бар екенлигин билиў мүмкиншилигине ийе боламыз. Сондай-ақ ийманның – қанаат пенен инсаплылықта, ҳадал мийнет ислеўде екенлигине де өз исенимимизди пайда етемиз.

Шәрьярдың қанаатшыллығы атасының «Он төрт өжирениң гилтин, қулпын алсын» [1:64] дегенинде де өз сәўлелениўин табады. Ол он төрт өжире емес, өзине «жети өжирениң гилти, қулпы» [1:64] болса жеткиликли екенлигин билдиреди.

Әдеп-икрамлылық жақтан ҳәр тәреплеме тәлим-тәрбия алған адам болғанлығы себепли Шәрьяр жети өжирениң дүньясына мәсирип кетпейди. Ол усы дүнья мал мениң ойнап күлиўиме жетеди деген ой пикирден аўлақ болады. «Қарақалшы қумарпаз» ларға қосылмайды. Керисинше өз алдына үлкен бир мақсет қойып, жети өжире ғәзийнени халықтың ийгилиги ҳәм келешеги ушын жумсағанды мақул көреди. Усы мақсетти иске асырыў ушын Шәрьяр Сарыдәрья деген жерге барды. Хызметкер менен күнликши шақырды. Адамлар бес теңге берсе, ол он бес теңге, адамлар он бес теңге берсе, ол жигирма бес теңге берди. Хызметкерлердиң көплигинен Шәрьяр елатына жап қаздырып, суў келтиреди. Шәрьяр белли дийқан болды. Қарықты ҳәм қаздыра берди, теректи ҳәм тиктире берди, бағды ҳәм көгерте берди. Әнжир, алмасы писти, торсылдап жерге түсти. Қумырылар дем шегип, тотылар сөз айтып, бүлбиллер сайрап, пәттеклер нала шегип, жети жылда Шәрьярдың бағы кәмалға келди.

Әдеп-икрам тәрбиясының пүткил өмир бойы даўам ететуғынлығын биз келтирип өткен едик. Хақыйқатын-

да да, адам өзин-өзи басқарып, басқаларға ақыл-нәсият бергендей халға жеткен ўақытларында да мен тәрбияланып болдым, тәрбияланыў шыңына жеттим десе, ол қәтелеседи. Себеби, адамның билгенинен билмегени көп. Шәрьяр дәстанында да Әнжимниң жәрдеминде бүлбилгөя мәләкүштиң бәнтинен қутылып, алтын тахтың ийеси болған Шәрьярда аз да болса менменлик пайда бола баслайды. Әдеплилик пенен менменлик ҳеш ўақытта бир-бир менен үйлеспейди. Шәрьярда болған усындай менменликтиң нәтийжесинде ол қарындасы Әнжимди танымай қалады. Бирақ, Әнжим өзин тымсаллап таныстырғаннан кейин Шәрьярдың «еси аўып, көзи тынып, пардақ атып жығылды» [1:105-107].

Шәрьярдың буннан соңғы гейпара бийәдеплик ҳәрекетлери Әспижәҳәнгир тәрепинен өз ўақтында дүзетилип барылады. Шәрьяр қаласын атасы Сасыўардың қаласының қапталына көширип алып келгеннен кейин, ата-енесин сүйсиндириў, өзиниң жетискен табысларын көрсетиў мақсетинде еки адамды атасына сүйинши соратып жибереди. Шәрьяр келди деген хабарды еситкен ата-анасының өкпесин қолына алып жуўырып-жортып келетуғынлығына исенеди. Бирақ, бул жерде ата-енесине өзи сәлемге барыў кереклигин естен шығарады. Бул әдепсизлик ҳәрекет Әспижәҳәнгирдиң «Атаңнан уллымедиң, Шәрьяр» [1:109] деген сөзинен соң, дүзетиледи. Усы тақлеттеги жаңылыс хәрекет өз атасы Шаҳидарапқа да исленеди. Бул жерде де Әспижәҳәнгир «атаңнан уллы болдың ба, Шәрьяр» [1:127] деп Шәрьярға өз әдепсизлик ҳәрекети арқалы атасы алдында гүналы болғанлығын еслетип өтеди.

Турмыстан үйренген тәжирийбелериниң арқасында, анасы Гулшара ҳаққындағы хабарды еситкенде «мен әзиз жағында болайын, мениң енемди таўып бер» [1:113] деп Шәрьяр Әспижәхәнгирден өтиниш етеди.

«Шәрьяр» дәстанында, мине, усындай әдеп-икрам тәрбиясы менен жүйи билинбес байланыста өзин қоршаған орталыққа, тәбиятқа меҳир-муҳаббат, экологиялық тәрбия мәселелери де халықлық көзқарастан исенимли ҳәм көркем сәўлелениў табады.

Ҳақыйқатында да, басқа халықлар сыяқлы қарақалпақ халқы да әзелден өзин қоршаған әтирапты таза услаў, оны қоршаған ана тәбиятқа адамгершиликли түрде қатнас жасаў мәселелерин тәрбия жумысларының тийкарғы ўазыйпаларынан бири деп есаплаған. Әсиресе, өсип баратырған жас әўладқа экологиялық тәрбия бериў ислери - әдеп-икрамлылық ҳәм мийнет тәрбиялары менен қосып алып барылғанда, оның анағурлым дәрежеде сапасының нәтийжели болатуғынлығына өз исенимлерин пайда еткен.

Қарақалпақ халық этнопедагогикасы да өзинде экологиялық тәрбия мәселелерин сәўлелендиретуғын оғада бай фольклорлық шығармаларға ийе екенлиги менен көзге түседи. Бул этнопедагогикадан орын алған халық дәстанларының қайсы бирин алып қарасаңыз да, адамлар турмысында ушырасатуғын әдиллик ҳәм әдилсизлик, инсаныйлық ҳәм наинсаныйлық, аманат ҳәм аманатқа қыянет, мәртлик ҳәм нәмәртлик, ҳадаллық ҳәм ҳарамлық, әдеплилик ҳәм әдепсизлик сыяқлы көплеген қәсийетлер, сыпатлар бир-бири менен салыстырылып көрсетиледи. Этнопедагогикамызда ана тәбиятқа адамгершиликли қатнас жасаўды әдеплилик деп есаплап, оған адамгершиликсиз қатнас жасаўды бийәдеплик деп есаплайды. Бул көринислер халық дәстанларының барлығында да алдыңғы жобаға шығарылып, халқымыздың этнопедагогикасы арқалы бала тәрбиясы ислеринде қолланыў ушын халыққа жеткерип келинген.

Дәстанларды дөретиўши халық екенлиги ҳәммеге мәлим. Мине, усы халық барқулла ана тәбиятқа болған адамлардың ең жақсы қатнас сыпатларын, өзинен соңғы әўладлардың минез-қулқында қәлиплестириў ушын нәсиятлап келген. Әсиресе, халық дәстанларында «Жақсыдан бағ қалады» деген рәўиятқа үзликсиз түрде әмел қылынып, жаслардың кишкенелигинен баслап бағ жаратыў ислерине қатнасыўына имканиятлар жаратылған. Усындай тәрбия мәселелерин ортаға қойған халық дәстанларының бири, «Шәрьяр» дәстанында бул мәселе өзиниң анық ҳәм мақсетли сөз етилиўи менен өзгешеленип турады.

Дәстанда Шәрьяр он төрт өжире байлықтың мийрасхоры болыўына қарамастан, ең дәслеп өзиниң қанаатшыллығы менен көзге түседи.

Бағ жаратыўға болған қумар, ықлас, ҳәўес кимди болса да өзиниң жаратқан бағының басқалардан зыяда болғанлығын қәлеўге умтылдырады. Соның ушын да бағ жаратқан адам жақсы деп танылған бағманлардан ақыл-кеңеслер сорайды, тәжирийбе арттырыў ушын басқа да жаратылған бағларды аралап көреди, өзиникинен зыяда болғанларынан өрнек алыўға умтылады. «Шәрьяр» дәстанында да бағды тек ғана Шәрьяр жаратып қоймайды. Бағ жаратыўға қумар болған Қандарша пәрий де өзиниң әжайып бағын жаратады. Бирақ, Шәрьярдың бағының ҳаўазасын еситип, өзиниң бағы менен салыстырып көргенди мақул көреди. Бул иске епшилирек деп бир мама кемпирди жумсайды Мама жолға түсип, көп күнлер жүргеннен кейин «Көз жиберип қараса, думан киби алдында» [1:56] көринип турған қара ағашты көреди. Усы думанланып көринип турған, аты-ҳаўазасы дүньяға танылған Шәрьярдың бағы еди.

Дәстанда баслаўыш класс оқыўшыларының психологиясына сәйкес ерси қылықларда өз сәўлелениўин табады. Ертеректе жәрияланған педагогика пәни бойынша мәселелер жыйнағында биринши класс оқыўшыларының бес-бестен бөлинип, айнаның алдына гүзеге гүл отырғызып жарысатуғынлығы айтылады. Бирақ, бир күнлери муғаллим ҳәмме гүллердиң солып қалғанын, тек ғана бир гүлдиң шырайлы болып өсип турғанын көреди. Себебин анықлап көрсе, Г.исмли бир оқыўшы қыздың өз отрядының гүлиниң басқалардикинен зыяда болғанлығын соншелли дәрежеде ҳәўес еткенлиги, нәтийжеде басқа гүллердиң тамырларын алмас пенен билдирмей қырқып шыққанлығы мәлим болады. Тап усы мәселе сыяқлы, дәстандағы мама кемпир Шәрьярдың бағының әжайыплығын көрип, бир жағынан, оған ҳәўес пенен қараса, екинши жағынан, онда, «бул бағ не ушын Қандарша пәрийдиң бағынан зыят болады» деген қызғаныш сезими де оянады. Нәтийжеде, мама қолына бир сырықты алады, жеген түйнеклерин жейди, жемеген мийўелерин сырық пенен қағып, Шәрьярдың бағын ўайранлаўға кирисип кетеди.

Шәрьяр болса, хәр күни өзиниң бағын аралап көрип, оның кемис-қутықларын толықтырыў ушын хызметкерлерине тийислисинше тапсырмалар берип барыўды күнделикли әдетине айналдырған инсан. Сонлықтан да ол бағды күндеги әдети бойынша аралап жүргенинде, бағдың айырым жерлериниң бүлингенин көрип, қапа болады. Оның айыпкерин излеўге кириседи ҳәм бағды бүлдириўши мама кемпирди таўып алады. Мама кемпирден «жол болсын» сорағанында, мама кемпир, өзин Қандарша пәрийдиң жибергенлигин айта келип, өз сөзинде: «Мама буннан бар деди, Шәрьярдың бағына, барып мама көр деди, әгар, бағы мениң бағымнан артық болса, бағым менен тийемен» [1:69] деген сәлемнамасын жеткереди.

Бағ жаратыўға болған қызығыўшылығының нәтийжесинде Шәрьярда Қандарша пәрийдиң бағының қандай екенлигин, оның бағының өзиники менен салыстырғанда қандай артықмашлықларға ийе екенлигин билиўге болған қызығыўшылық сезими оянады. Сонлықтан да ол мама кемпирди алақанына миндирип, өзиниң бағын аралатып көрсеткенди мақул көреди. Мама кемпирде бағды аралап көрип болып: «Балам, сениң бағың ҳәм бир тәўир бағ екен. Сондай ҳәм болса, бизиң қызымыздың бағы жанында түйе шеңгел ҳәреми

шелли жоқ екен» [1:69] деп Шәрьярдың қызығыўшылығын бурынғыдан да бетер арттырыўға ериседи. Нәтийжеде, Шәрьярда Қандарша пәрийдиң бағын көриўге деген ҳәўес оянады…

Дәстандағы бул көринислер, сүўретлеўлер ертек сыяқлы болып көриниўи мүмкин. Деген менен, дәстанда сәўлеленген «бағ жаратыў» ҳәм «бағ жаратқан адамлардың мийнетиниң нәтийжесин көриўге болған қумарлық» сезимлерин ҳәзирги ўақытларда жасларды экологиялық тәрбиялаў ислеринде де пайдаланыў өзиниң сөзсиз унамлы тәсирин тийгизиўге мүмкиншиликлер жаратып береди.

Дәстанның адамды өзине жүдә қызықтырып туратуғын және бир өзгешелиги – онда жоқарыдағы биз таллап өткен әдеп-икрам тәрбиясы, дидактикалық мәселелер, мийнет тәрбиясы менен бир қатарды билимлендириўге байланыслы мәселелер ақыл тәрбиясы мәселелери белгили дәрежеде сәўлелениў табады. Буны биз дәстандағы математикалық есаплаўлар ҳәм ҳәзирги заман компьютери элементлериниң сәўлелениўи эпизодларынан айқын көриўимизге болады. Шәрьяр Сулайманның журтына сапар шегип кетеди.

«Сегиз, сегиз, он алты,
Және сегиз, және алты,
Отыз күнлер толғанда» [1:59]

деп басланатуғын қатарларды алып қарасақ ҳақыйқый математикалық ойынының орын алғанлығының гүўасы боламыз. Дәстандағы келтирилген қатарларды математикалық жол менен оқыўшыларға усынатуғын болсақ, 8+8+8+6=30 екенлиги мәлим. Ал отыз бир күн болғанда, аттан жерге түскенде, қоржыннан китап алады, сәнесине қарайды ҳәм сол жерде мусылман менен перниң шегарасына келгенлигин биледи. Бизиң пикиримизше, бул жерде Шәрьяр образы арқалы сол ўақытларда – ақ география илиминиң күшли раўажланғанлығын көриў мүмкиншилигине ийе боламыз.

Жоқарыда келтирилген мысалдағы «Қоржыннан алынған китап» - топографиялық карта ўазыйпасын атқарып турғанлығына исеним пайда етемиз.

Шәрьярдың ҳәм Әнжимниң перилер елине буннан соңғы саяхатлары ҳәзирги заман информатикасын, компьютерлерди, бул машиналарды басқарыў өзгешеликлерин сүўретлейди. Мәселен, шегараға келгеннен кейин, күнниң көзин думан басыўы, жердиң жүзин ғубар алыўы, бирақ Шәрьярдың қылышты қолға алыўы менен, думанның арылып, күнниң қәддине келиўи, ямаса Сулайманның жүзигиниң бәнтин басыўы менен дәўлердиң өлиўи, өзине тийисли файлды Шәрьярдың дурыс тапқанлығынан дерек береди.

Дәрўазаның алдында парлап жанып турған оттың көриниўи, оттың арасынан дәрўазаның қулпы бар жоқлығын биле алмай Шәрьярдың ҳайран болыўы да, Шәрьярды оқыўшы сыпатында көрсетип, оның алдына усындай тақылеттеги мәселелерди шешиўди усынады.

«Бүлбилгөя малакуш» (БГМ) образы тиккелей ҳәзирги заман компьютерин көз алдымызға елеслетеди. Мәселен, дәстандағы

«Алтын қәпес ишинде,
Бүлбилгөя малакүш,
Үсти толған көп нақыш,
Тамағының астында,
Тоқсан дуўа бәнти бар.
Қанатының үстинде,
Алпыс еки нағыш бар,
Ҳәр дуўаның бәнтинде,
Мың әлиптиң шәрти бар» [1:99].

деген қатарлар пикиримизге толық дәлил бола алады.

Егер де, биз ҳәзирги заман компьютери менен дәстандағы “Бүлбилгөя мәләкүшты” салыстырып көретуғын болсақ, онда төмендегише уқсаслықлардың гүўасы боламыз:

Компьютердеги «Винчестер» бүлбилгөя қустың басыболып, ал «клавиатура» қустың тамағының астындағы 90 дуўаға туўра келеди. Лекин, бүлбилгөя мәләкүштың тамағыныңастында (клавиатурасында) сол ўақытлары 90 клавиша бар болған болса, ҳәзирги заман компьютеринде 107 клавиша бар. Бүлбилгөя мәләкүш ҳәр дуўаның бәнтинен 1000 әлиптиң шәртин шығарыў мүмкиншилигине ийе болса, ҳәзирги заман компьютеринде клавиатуралар арқалы фаэллер изленип, ҳәр бир файлдың ишинде 1000 яки оннан да көп мысал мәселелерди жайластырыў мүмкиншилигине ийе. «Бүлбилгөя мәләкүш» өзиниң ядына киргизилген барлық мысал мәселелердиң шешиминиң дурыс, надурыслығын билетуғын болса, ҳәзирги заман компьютерлери де бул тараўда қәтелеспейди.

Компьютерлердиң яды - дискетлер. «Бүлбилгөя мәләкүш» алтын қәпесте сақланса, компьютердиң дискетлери винчестерде турады, ямаса сейфте сақланады.

Бүлбилгөя мәләкүшта 62 түрли нақыш бериў мүмкиншилиги бар болса, ҳәзирги заман компьютеринде бул көрсеткиш 256 ға жеткерилген.

Сулайманның жүзигиниң бәнтин басыўы менен, дәўдиң өлиўи, басқарыў пультиндеги кнопканы дурыс басқанлығынан дерек береди.

«Бүлбилгөя мәләкүш» өзиниң үстинен жеңиске ерискен адамға хызмет ислейди. Ҳәзирги заман компьютерлери де программа дүзиўшилердиң дүзген программасынан тысқары шыға алмайды, ямаса программа бойынша жумыс ислейди [2].

Жуўмақлап айтқанда, «Шәрьяр»ды оқыў, ондағы қахарманлардың образларын салыстырыўлар арқалы оқыўшылар әдеплилик ҳәм әдепсизлик, ийман ҳәм инсап, жақсы менен жаман ҳаққында әжайып түсиниклерге ийе болады. Сондай-ақ, сол ўақытларда қарақалпақ халқында компьютер болған ба, яки болмаса тек ғана қыял етиў ме екен деген орынлы сораўға да дус боламыз. Егер де қыял деп есаплағанымызда да, соншелли дәрежедеги уқсаслықларына қарап хайран болып ғана қоймастан, келешекте усындай техниканың өсиў дәрежесин көз алдына елеслеткен халықтың урпақлары болғанымыз ушын бизди бәрқулла мақтаныш сезими бийлейди. Нәтийжеде, дәстанның тәлим ҳәм тәрбиялық мәселелерге толы, әдеп-икрам, экология, мийнет тарбиясы ҳәм илим-билим, соның ишинде компьютерлестириўдиң де дәслепки көринислерин сүўретлейтуғын нағыз педагогикалық поэма екенлигине гүман туўылмайды. Сонлықтан да «Шәрьяр» дәстанын жақын аралықта латын имласында қайта баспадан шығарыў мәселелерин қолға алынса, ол муғаллимлер, ата-аналар, улыўма тәрбия ислери менен шуғылланыўшылар ушын педагогикалық, методикалық ҳәм дидактикалық жақтан қолланба сыпатында қабыл алынатуғыны сөзсиз.

**Әдебиятлар**


1. «Шәрьяр» қарақалпақ халық дәстаны. Қуламет жыраў варианты. /Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық XIII том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984. 234-б.
2. Пазылов А. «Шәрьяр» дәстанындағы бағ жаратыўға қызығыўшылық мәселелери. /Экологик мувозанатни сақлаш, чиқиндисиз технология ишлаб чиқиш, барқарор ривожланишда талим-тарбия муамолари ва истиқболлари мавзусидаги республика илмий-амалий конференция материаллари. –Нукус: 2013 ийл 26-27 апрель.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада халқ оғзаки ижодиётида, хусусан, қорақалпоқ халқ достони «Шарьяр»да таълим-тарбия масалаларининг акс эттирилиши кенг таҳлил этилиб, унда одоб-ахлоқ, мехнат тарбияси, экологик тарбия, илм-фан каби педагогик фикрлар акс этганлигини, уларнинг бугинги таълим-тарбияда тутган ўрни, аҳамияти аниқ мисоллар воситасида далилланган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению и анализу вопросов образования и воспитания в устном народном творчестве, и в частности в каракалпакском народном дастане «Шарьяр». На основе конкретных примеров показано, как отражаются вопросы нравственного, трудового, экологического воспитания, вопросы науки, образования и педагогические идеи в эпосе и их роль в образовании и воспитании сегодня.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study and analysis of the issues of education and upbringing in folklore, in the Karakalpak folk epos «Shariyar», in particular. On the concrete examples the author shows how the issues of moral, labour and ecological education, science, education and pedacocical ideas are reflected in the epos, and their role and importance in educational process today.

## ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ СЫПАТЫН КӨТЕРИЎ - БУГИНГИ КҮННИҢ АКТУАЛ МӘСЕЛЕЛЕРИНЕН БИРИ СЫПАТЫНДА

**М.Пазылова –** *педагогика илимлериниң кандидаты*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** таълим сифати менежменти, ички баҳолаш, сиртқи баҳолаш, француз модели, инглиз модели.
**Ключевые слова:** управление качеством образования, внешняя оценка, внутренняя оценка, французская модель, английская модель.
**Key words:** education quality management, internal evaluation, external evaluation, French model, English model.

Ҳәр қандай мәмлекеттиң күш-күдирети оның интеллектуал билим дәрежеси менен белгиленеди. Бул тиккелей тәлим сыпатына байланыслы. Мәниси жағынан пүткиллей жаңа болған Кадрлар таярлаў миллий модели- «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызам ҳәм «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы» нан ибарат норматив- ҳуқуқый хүжжетлерди қабыл етиў ҳәм ен жайдырылыўы, дөретиўши, социал-актив, мәнаўий тәрептен бай шахсты қәлиплестириў ҳәм де жоқары билимли, бәсекелесе алатуғын кадрларды таярлаўдан ибарат стратегиялық мақсетке ерисиў ушын методологиялық тийкарды жаратып берди.

«Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы»ның қабыл етилиўи ҳәм оған тийкарланып әмелге асырылып атырған үзликсиз билимлендириў системасындағы реформалар тәлим процесслерин шөлкемлестириў ҳәм басқарыў механизмлерин раўажландырыў, социал-экономикалық раўажланыўдың заманагөй талапларға туўры келетуғын демократиялық принципке тийкарланған тәлим басқарыўын қәлиплестириўди нәзерде тутады.

Тәлим социал экономикалық хызметтиң бир бөлеги сыпатында жәмийет басқарыўы улыўма қағыйда ҳәм принциплериниң тәлим басқарыўында ҳәм қолланылыў имканиятын бийкарламайды.

Өзбекстан Республикасының «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы»на муўапық әмелге асырылып атырған үзликсиз тәлим системасын модернизациялаў шәраятында заманагөй социал-экономикалық шәрт-шәраятлар, мийнет базары ҳәм жәмийет зәрүриятлары тийкарында сыпат ҳәм нәтийжелиликти асырыў, оның мазмунын ҳәм де шөлкемлестириўши-методикалық негизин жәнe де раўажландырыў актуал машқала есапланады.

Сол орында сыпат түсиниги еки түрли мәниде, бириншиси-бул түсиник стандартлар ямаса қәнигелик талапларына муўапықлығын аңлатады, екинши-буйыртпашылар талапларына муўапықлығын билдиреди. Биринши түсиникти көбирек ислеп шығарыўшы көзқарасынан сәўлелендириўши тәреп сыпат нәзерде тутылады. Хызметлер сыпатында келтирилген өним сыпатын ислеп шығарыўшы стандарт ямаса қәнигелиги талапларына бәрқулла жуўап бериўши сәйкеслик сыпатында қабыл етиледи.

Тәлим сыпатын баҳалаў критерияларын ислеп шығыўдың тийкарғы ўазыйпалары барлық дәрежеде тәлим жағдайын баҳалаўда жалғыз прогноз ҳәм баҳалаў системасын ислеп шығыўдан ибарат.

**Тәлим сыпаты менежменти**- тәлимниң алдыннан прогнозланған нәтийжелерге ерисиўге бағдарланған басқарыўы болып, сыпатты тәмийинлеў ис-илажларын жойбарластырыў, тәлим процеси қатнасыўшыларын нәтийжели мийнетке қызықтырыў, мақсетлерден шығыўларды анықлаў, өзгерислерди гүзетиў ҳәм анализ етиў процеслеринен ибарат болған, тәлим мәкемеси хызметиниң барлық бағдарлары өзин-өзи баҳалаў тийкарында бәрқулла раўажландырып барыў системасы есапланады.

Тәлим сыпаты менежменти системасының бар екен лиги келешекте тәлим сыпаты ҳәм нәтийжелерин баҳалаўдың сыртқы баҳалаў ис-илажларын ишки баҳалаў ҳәм өзин-өзи баҳалаў нәтийжесинен пайдаланыў менен алмастырыў имканиятын жаратады, бул процесслердиң жәмәәтшилик баҳалаўға ашықлығы болса, тәлим мәкемесине болған исеним дәрежеси артады.

Тәлим сыпаты менежментиниң тийкарғы мақсети тәлим-тәрбия процеси қатнасыўшылары хызметин сәйкеслестириў, баҳалаў ҳәм де нәтийжели басқарыўды тәмийинлеўден ибарат.

«Тәлим сыпаты» сөз бирикпеси мәмлекетимизге биринши мәрте 1997-жылда Өзбекстан Республикасының «Билимлендириў ҳаққында» ҳәм «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы ҳаққында» Нызамларының тәлим сыпаты үстинен мәмлекет баҳалаўына бағышланған статья ҳәм бөлимлеринде рәсмий түрде келтирип өтилген. Бул, өз гезегинде тәлим сыпатын тәмийинлеўге тийисли бир қатар теориялық ҳәм әмелий исленбелердиң жаратылыўына түртки болды.

Ш.Қурбанов ҳәм Э.Сейтхалиловтың пикиринше: «Тәлим сыпаты тәлим процесиниң түрли қатнасыўшылары тәлим мәкемеси тәрепинен көрсетилип атырған тәлим хызметлеринен күткенлериниң қанаатландырыў дәрежеси» ямаса тәлимде қойылған мақсет ҳәм ўазыйпаларға ерисиў дәрежеси түсиниледи [1].

А.Воронинниң пикиринше: «тәлим сыпаты-жәмийетте тәлим процесиниң жағдайы ҳәм нәтийжесин, шахстың пуқаралық, турмыслық ҳәм кәсиплик компетенцияларының раўажланыўы ҳәм де қәлиплесиў зәрүрликлери ҳәм үмитлерине маслығын анықлаўшы категория» тәризинде көрсетип өтеди [2].

Е.Домбровская пикиринше: «тәлим сыпаты-Мәмлекетлик тәлим стандартлары, тийисли тәлим бағдарламаларының оқыў дәстүрий хүжжетлериниң талапларына сәйкеслиги» деп атап өтеди [3].

Алымлардың пикирлери улыўмаласқан мәнисте, тәлим сыпатына инсан мүтәжлиги ҳәм де жәмийет, мәмлекет мәплерин қанаатландырыў өзгешеликлер жыйындысы сыпатында қаралғанлығын көрсетеди.

Бизиң пикиримизше, тәлим сыпаты - бул тек ғана тәлим алыўшылар билиминиң мәмлекетлик стандартқа сәйкеслиги, ал тәлим мәкемесиниң нәтийжели хызмет көрсетиўи, сондай-ақ ҳәр бир педагог ҳәм басшының тәлим хызметлери сыпатын тәмийинлеўдеги хызмет нәтийжеси есапланады.

Заманагөй тәлим мәкемесинде тәлим сыпаты ерисилген муғдар ҳәм сыпат нәтийжелери, тәлим процессин шөлкемлестириў, басқарыў, сыпат ҳәм нәтийжелиликти асырыў дәрежесин көрсетип бериўши классификациялар топламында сәўлелендирилетуғын мақсет ҳәм